


AHORA 
NOS TOCA
PARTICIPAR!

Interpretado por: Jean Day


KONTNI YO ATELYE DE FÒMASYON

www.ahoranostocaparticipar.cl




1. KISA PATISIPASYON AN YE?

1. KISA PATISIPASYON AN YE?




- Kapasite ke moun yo genyen pou entèveni dirèkteman nan zafè komen.
- Patisipasyon politik la se zoutiy ke yo itilize pou kapab reyalize entèvansyon sa.
- Nan sosyete demokratik yo, patisipasyon an vin pa yon privilèj pou devni yon dwa ke tout moun genyen nan menm kondisyon.
- Patisipasyon an tansfòme nan yon kritè lejitim daprè desizyon komen nan yon demokrasi.
- Desizyon san patisipasyon politik yo pa lejitim nan yon demokrasi, pandan ke desizyon pasitipativ yo jwi yon meyè lejitimite



Patisipasyon sitwayènte, dwa moun fondamantal

Korelasyon e soutyen nan Dwa Entènasyonal sou Dwa Moun:

- **Deklarasyon Inivèsèl de Dwa Moun**
- **Konvansyon Amerikèn sou Dwa Moun**
- **Tribinal Entènasyonal Dwa Moun**




Demokrasi representatif e demokrasi patisipativ

Demokrasi representatif: fòm tradisyonèl nan representasyon modèn e ki asosye ak divizyon pouvwa selon delegasyon sitwayènte apati de vòt.

Konsidere ke sitwayen an bay pouvwa a yon representan ki pral asire enterè moun li reprezante a.

Difikilte ki genyen nan fòm delegasyon sa yo se ke representan yo gen pou ale lwen moun yo reprezante yo “pwofesjonalizasyon” aktivite politik la, enterè group enfluyans la (sendika, biznisman, legliz, elatriye), sipèvize kouch politik yo, gen yon kontwòl sosyal trè ba sou representan yo.

Demokrasi reprezentativ e demokrasi patisipativ




Demokrasi reprezentativ:

enkòporasyon mekanis sosyal ki favorize enfliyanse kapasite ensidan ki lye ak sitwayen yo nan pran desizyon. Lè yo chèche “retounen” pouvwa bay sitwayen an atravè mekanis nan demokrasi dirèk.

Kèk enstriman nan demokrasi

patisipativ la: Plebisit obligatwa, referandòm refòm konstitisyonèl, referandòm revokasyon manda, bidjè patisipatif, konsiltasyon ki pa obligatwa, konsèy sitwayen ki pa obligatwa, konsèy konsiltasyon sou politik piblik a nivo nasyonal, rejyonal, lokal, komite eta pèmanan ak gwoup ekspè yo.


Patisipasyon politik konvansyonèl e non konvansyonèl



Patisipasyon konvansyonèl oswa fòmèl, reglemantè. Egzanp: eleksyon popilè e piblisit yo, ki reglemante daprè orijin li e fòm reyalizasyon li, epi tou konsènan konsekans li yo; pati politik yo, ki gen fòmasyon reglemante daprè lalwa, se menm bagay ki pase ak nòm yo.

Patisipasyon non konvansyonèl oswa enfòmèl, non reglemantè, sepandan, wi, li pwoteje daprè kondisyon legale konstitisyonèl. Egzanp, manifestasyon yo: pa gen kondisyon orijin nonplis konsekans, sepandan, li pwoteje konstitisyonèlman, nan trete entènasyonal yo, epi tou nan dwa konstitisyonèl tankou libète de ekspresyon, dwa pou fè reyinyon, libète dasosyasyon.

PATISIPASYON OBLIGATWA E NON OBLIGATWA




Nan demokrasi reprezantativ e patisipativ yo toujou konn jenere mekanis de entèvansyon/patisipasyon obligatwa e non obligatwa.

- Sa ki **non obligatwa** yo, opere tankou yon kalite siyal ki soti depi nan sitwayen yo pou rive nan otorite yo, e yo ka pote atansyon a yo oswa non. Egzanp, konsiltasyon minisipal yo. Nan mekanis ki pa obligatwa yo se pa sèlman pwosedi reglemantè li genyen, sinon li genyen fòm konvansyonèl oswa patisipasyon enfòmèl,


tankou manifestasyon sosyal. (voye siyal men li pa konekte ak tèm legal yo envè otorite yo ki ka aksepte siyal sa yo oswa no).

- Sa ki **obligatwa** yo, etabli yon obligasyon ke otorite yo konsidere. Ki vle di, otorite yo twouve yo oblije dapre entèvansyon sitwayen yo. Egzanp, plebisit minisipal yo, eleksyon popilè yo.
- Plebisit 26 avril: konvansyonèl oswa fòmèl, reglemantè e obligatwa.



2. KISA YON KONSTITISYON YE?

2. KISA YON KONSTITISYON YE?




- Konstitisyon an se desizyon politik fondamantal ki pi enpòtan ke yon pèp te ka adopte.
- Nan tout lwa yo se lwa ki detèmine kisa nou ye kòm kominote politik.
- Detèmine fòm jiridik li.
- Defini fason ke entegran yo wè youn lòt.
- Defini règ ki gen pou wè ak kominote sa.

Pou sa yo, defini:

- Prensip yo
- Dwa yo
- Devwa yo
- Òganize pouvwa a

KISA YON KONSTITISYON YE?



Prensip yo nan konstitisyon aktyèl la (kèk egzanp):

- Fanmi se nwayo fondamantal nan sosyete a
- Objèktif Leta se pou favorize byen komen

Dwa yo nan konstitisyon aktyèl la (kèk egzanp):

- Nasyonalite e Sitwayènte
- Dwa a lavi e entegrite fizik


Devwa yo nan konstitisyon aktyèl la (kèk egzanp):

- Edikasyon debaz e segondè obligatwa
- Peye taks


Distribisyon pouvwa (kèk egzanp):

- Pouvwa Egzekitif , Pouvwa Lejislatif, Pouvwa Jidisyè
- Pouvwa de lòt kò otonòm yo (BC, TC, SERVEL).

KONSTITISYON AN, ÈSKE LI ENPÒTAN POU LAVI KOTIDYÈN NOU?



KONSTITISYON AN, ÈSKE LI ENPÒTAN POU LAVI KOTIDYÈN NOU?




Egzanp 1: Sante

- “Leta proteje libète ak egalite nan aksyon aksè a promosyon, pwoteksyon e rekiperasyon sante e re-yabilitasyon”
- “Se devwa preferansyèl Leta pou garanti ekzekisyon nan aksyon sante,, swa ke yo bay sèvis atravè enstitisyon piblik oswa prive”
- “Chak moun gen dwa pou chwazi sistèm sante kote ke yo dezire pran swen tèt yo, swa leta oswa prive”.

Egzanp 2: Sekirite sosyal

- “Aksyon Leta pral vize pou garanti aksè a tout moun pou jwi benefis debaz yo nan fason inifòm, swa yo bay yo atravè de enstitisyon piblik oswa prive.”

KONSTITISYON AN, ÈSKE LI ENPÒTAN POU LAVI KOTIDYÈN NOU?



Egzanp 3: Sendikalizasyon


“Negosyasyon kolektif ak antrepriz kote y’ap travay la se dwa travayè yo, eksepte nan ka ke lalwa pa pèmèt yo negosye”

“Ofisye leta ak meri yo p’ap ka ale nan grèv”

“Afilyasyon sendika a se pral toujou volontè”


Egzanp 4: Dwa dlo

“Dwa moun sou dlo, dwa sa rekonèt e konstitye konfòmeman a lalwa, yo pral bay pwopriyetè yo pouvwa sou dlo yo”



3. PWOSESIS KONSTITIYAN

3. PWOSESIS KONSTITIYAN




AKÒ POU LAPÈ AK NOUVO KONSTITISYON

Akò pou lapè ak nouvo konstitisyon an se yon kontra ki konkli atravè pati politik yo nan demand sitwayen mobilize yo. Nan kontra sa, pati ki siyen yo pran angajman pou apwouve refòm konstitizyonèl ak legal yo ki pèmèt ranplasman total tèks konstitisyonèl 1980 an.



PWOSESIS KONSTITIYAN

Fason chilyen 2020, se istorik




	Komisyon oswa moun ki Dezinye	Kongrè Konstitiyan	Konvansyon Melanje oswa Konvansyon Konstitisyonèl
1811		Wi	
1812	Wi		
1814	Wi		
1818	Wi		
1822	Wi		
1823		Wi	
1828		Wi	
1833	Wi		
1925	Wi		
1980	Wi		

PWOSESIS KONSTITIYAN



PWOSESIS KONSTITIYAN

Diferans nan mekanis yo



KONVANSYON MELANJE KONSTITISYONÈL

172

konvansyonèl

50% 50%

KONGRESIS ELI

SAN KAPASITE

Yo ka poze kandida lè
manda yo fini

REJIM DIFERANSYE

Kongresis yo kenbe rejim li.
Eli yo resevwa \$2.5milyon anviwon
EGALITE SÈLMAN APLIKE 50% NAN ELI YO

KONVANSYON KONSTITISYONÈL

155

konvansyonèl

100%

ELI


AK KAPASITE

Yo pa ka poze kandida 1ane aprè manda
yo fini

REJIM IDANTIK

\$2.5milyon chak mwa anviwon. Pou tout
konvansyonèl yo
EGALITE APLIKE 100% NAN ELI YO

PWOSESIS KONSTITIYAN



Èske pral genyen yon band televizyon elektoral?

Wi, pral gen yon band chanèl gratis de 30 minit obligatwa chak jou.


Kijan ou detèmine ki opsyon ki genyen?

Tribinal ki Kalifye Eleksyon yo pral pwoklame kesyon ki apwouve yo e ki gen plis ke mwatye vòt ki valide.

Kisa ki pral pase si yo ta apwouve elabore yon nouvèl konstitisyon?

Prezidan Repiblik la pral konvoke eleksyon manb Konvansyon Miks Konstitisyonèl la oswa Konvansyon Konstitisyonèl la, selon jan sa koresponn. Eleksyon sa pral fèt nan menm jou ke yo reyalize eleksyon pou majistra, kazèk, gouvènman rejyonal yo, ki koresponn a ane 2020. Dat sa a se 25 oktòb 2020.

PWOSESIS KONSTITIYAN




Si moun ki eli yo nan Konvansyon Konstitisyonèl la triyonfe a 100%, kòman yo pral entegre yo?

Nan Konvansyon Konstitisyonèl la yo pral chwazi 155 sitwayen. Pou sa, yo pral konsidere pati elektoral ke yo te etabli nan eleksyon depite yo ak menm kantite de nimewo ke yo te chwazi pou chak teritwa.

Refòm egalite a gen pou wè ak reyalize yon nimewo ekitab ant gason e fanm e se pou fanm yo parèt an premye nan lis yo. Epi tou, aplike yon korèksyon nan pati yo kote ke yo pa rive jwenn yon nimewo ekitab ant gason ak fanm. Sa enplike ke moun ki gen mwens kantite vwa daprè sèks li reprezante nan yon pati pral ranplase pa yon lòt moun nan menm pati a, men fòk moun sa genyen plis kantite de vwa nan lòt sèks la. Sa vle di ke kandida eli yo ki fè pati gwoup sèks sou reprezantan, e ki genyen mwens kantite de eleksyon, pral ranplase pa postilan ki gen plis vòt nan lòt sèks la.

PWOSESIS KONSTITIYAN



Èske yon konvansyon konstitiyan ka postile a lòt pozisyon?

Entegran Konvansyon Konstitisyonèl yo p'ap ka poze kandida pou eleksyon popilè nan moman ke y'ap reyalize fonksyon yo jiska yon ane aprè ke yo fini pozisyon yo nan Konvansyon an.

Kisa ki pral pase si yo ta refize elabore yon nouvell Konstitisyon?

Konstitisyon 1980 an ap rete e yo p'ap elabore yon nouvell.


Kòman yo pral denomine moun ki patisipe nan konvansyon an?

Yo pral rele yo konvansyonèl konstitiyan.

Kimoun ki ka poze kandida nan Konvansyon an?

Tout sitwayen ki ranpli tout kondisyon yo ki nan atik 13 nan Konstitisyon an, sa vle di, chilyen yo, ki gen plis pase 18 lane. Chilyen ki fèt nan peyi etranje ki gen papa oswa manman yo ki se chilyen epi tou sa yo ki nasyonalize atravè gras ka poze kandida sèlman si yo te rete nan Chili pou plis pase yon ane.

PWOSESIS KONSTITIYAN



Èske pral gen yon prezidan oswa prezidant pou konvansyon an?

Konvansyon an dwe chwazi yon prezidan oswa prezidant e yon vispredizan oswa visprezidant atravè kantite absolè de manb yo depi nan premye sesyon li. Pral genyen tou yon sekretè teknik.

Kóman majorite 2/3 a pral opere?

Konvansyon an dwe apwouve nòm ak règleman votasyon pou egzèsis majorite detyè manb li yo.


Konvansyon an p'ap ka chanje majorite yo ni pwosedi yo pou fonksyònman li e pou adopte akò yo.

Kisa ki pase si gen konvansyon melanje ak depite e senatè ki patisipe?

Depite ak senatè ki fòme konvansyon sa p'ap gen obligasyon pou asiste sal sesyon e komisyon

Kongrè pandan periòd ke li kontinye fonksyone.

PWOSESIS KONSTITIYAN



Pandan nou vèl konstitisyon an pa aplike, Èske konstitisyon 1980 ap aplike?

Efektivman e konvansyon an pa gen atribisyon pou chanje li.

Ki limit de travay konvansyon an gen?

Konvansyon an dwe ekri e apwouve yon pwopozisyon de nou vèl konstitisyon nan yon limit ki pa pase plis ke nèf mwa, kòmanse depi lè li enstale. Yo ka pwolonje li pou twa mwa sèlman yon sèl fwa.

Kòman konvansyon melanje a pral konpoze, si li ta va triyonfe?

Li pral konpoze ak **172 manb**. Pral gen 86 sitwayen eli nan votasyon popilè e **86 palmantè** ke Kongrè Konplè a pral chwazi (tout senatè ak depite yo ki an aksyon).

Yo pral chwazi konvansyonèl yo nan menm pati ke yo itilize nan eleksyon pou palmantè yo.

Refòm egalite a pral aplike inikman e sèlman pou 86 manb eli nan sistèm votasyon popilè a, yo pral aplike règ korèksyon e lis sistèm enskripsyon a moun sa yo.

Nan ka palmantè ke yo chwazi nan Kongrè konplè a, egalite a pa asire.

AHORA
NOS TOCA
PARTICIPAR!



 @ahrnostoca

 /ahoranostocachile

 /ahoranostocachile

FINANCIADO POR:



UNIÓN EUROPEA

CON EL APOYO DE:



www.ahoranostocaparticipar.cl